O’ZBEKSTAN RESPUBLİKASI JOQARI HA’M ORTA ARNAWLI BİLİM BERİW MİNİSTRLİGİ

BERDAQ ATINDAG’I QARAQALPAQ MA’MLEKETLİK UNİVERSİTETİ

QARAQALPAQ FILOLOGIYASI FAKULTETI

A’DEBIYAT TEORIYASI HA’M OQITIW METODIKASI KAFEDRASI

**Sagidullaeva Elmiranın’**

# PİTKERİW - QA’NİGELİK JUMISI

TEMA: **M.Nızanovtın’ «Aqıret uyqısı» povestinde syujet ha’m kompozitsiya**

İlimiy basshı: f.i.d., prof. Q.Orazımbetov

No’kis – 2010

JAQLAWG'A RUXSAT BERİLDİ:

Fakultet dekanı: dots. Q.Turdıbaev

Kafedra baslıg'ı: f.i.k. A.Dosımbetova

İlimiy basshı: f.i.d., prof. Q.Orazımbetov

Ma'mleketlik attestatsiya komissiyasının' qararı:

Pitkeriwshi Sagidullaeva Elmiranın' pitkeriw-qa'nigelik jumısına

«_ _ __» bahası qoyılsın

«___» iyun 2010-jıl

MAK baslıg'ı: ______________

MAK ag'zaları: ____________

______________

______________

______________

# MAZMUNI

**KIRISIW** .......................................................................................3

**I Bap. «Aqret uyqısı» povestinde syujet ha’m qaharman obrazı** .......................................................................9

**II bap. «Aqıret uyqısı» povestinin’ kompozitsiyalıq o’zgeshelikleri** .......................................................................25

**JUWMAQLAW** .......................................................................................30

**PAYDALANILG’AN A’DEBİYaTLAR** .................................32

# KIRISIW

Muratbay Nızanov qaraqalpaq a'debiyatının' bosag'asın 1980-jılları atlag'an, prozada da milliy ma'deniyatımız benen jurnalistikamızda da belgili ornı, o'zinshe qoltan'bası bar nishteri o'tkir satirik jazıwshı, xalqımızg'a ken'nen tanılg'an belsendi publitsist, teren' ma'nili ku'lki sheberi.

Ol 1951-jılı 8-fevralda Kegeyli rayonında tuwıldı. Orta mektepti tamamlag'annan son' Qaraqalpaq ma'mleketlik universitetin sırttan oqıp pitkeredi (1977-jıl), son' o'zi tuwılg'an ha'zirgi Ma'teke Jumanazarov atındag'ı xojalıqta jumısshı (1968-1971) bolıp isleydi, a'skerlikte xızmet etedi (1971-1973), son'ınan Kegeyli rayonlıq «Paxtaxor» sport komitetinde instruktor (1973-1976), rayonlıq h'a'zirgi «Kegeyli turmısı» gazetasında (1976-1981), respublikalıq «Jetkinshek» (1981-1982), ha'zirgi «Erkin Qaraqalpaqstan» (1982-1983) gazetalarında, Qaraqalpaqstan teleradiokompaniyasında ag'a redaktor, bas redaktor, o'zi sho'lkemlestirgen biyg'a'rez «Aral» jurnalında bas redaktor (1991-1994) lawazımlarında isleydi. Ol 1994-jıldan baslap «Qaraqalpaqstan» baspasının' direktorı lawazımında isledi. Ha'zirgi waqıtta Qaraqalpaqfilm kinostudiyasının' direktorı lawazımında isleydi.

Talantlı qa'lem iyesi, a'sirese, XX a'sirdin' 80-jıllarının' ekinshi yarımınan baslap oqıwshılar ja'miyetshiligine o'tkir satirik jazıwshı, belsendi telejurnalist sıpatında tez arada jaqsı tanıldı, zaman talabına ılayıq is bilermenlik te ko'rsetip, siyasiy ja'miyetlik ha'm a'debiy milliy basılım «Aral» jurnalın, og'ada o'zine tartımlı ha'm qızıqlı «Ma'writ» (Ma'deniyat, a'debiyat, waqıyalar, reklamalar, informatsiyalar, ta'shwishler, - degen so'zlerdin' birikpesi) atamasındag'ı teleko'rsetiw, ko'p sanlı ku'lki keshelerin sho'lkemlestirdi.

Satirik jazıwshının' «Usındayda boladı», «Nıshana», «Ku'lkim keledi», «Sizge bolmaydı», «Adam ku'ldirgeni ushın», «Jat jurttag'ı jeti ku'n», «İshek silem qattı menin'», «Adam jamanlasam zeynim ashıladı», «Irasın aytsan' uradı», «Eki qanxor», «G'a'ziyne», «Jaqında qızıq boladı» degen atamadag'ı kitap, toplamları respublikamızdın' oqıwshılarına jaqsı tanıs, al onın' ayırımları pu'tkil O'zbekstan ko'lemine de belgili bolmaqta, mısalı, «Jat jurttag'ı jeti ku'n» (1995), «Jaqında qızıq boladı» (1999), «Aqshagu'l» (2005) shıg'armaları bunın' da'lili bola aladı. Qa'lem iyesinin' satiralıq qosıqları ha'm gu'rrin'lerinen tısqarı «Jat jurttag'ı jeti ku'n», «Para», «Eki qanxor» povestleri respublikamızdın' milliy teatrında saxnalastırılıp qoyılg'an. «Eki du'nyanın' a'weresi» komediyası (bul komediya 1994-jılı «Noyob nusqa» degen at penen Hamza atındag'ı akademiyalıq teatrında qoyıldı), radio, televidenie arqalı O'zbekstan ko'leminde qayta-qayta atqarılıp kiyatırg'an og'ada ko'p sanlı intermediya menen parodiyaları, tımsalları ayrıqsha a'hmiyetke iye. Jazıwshı bizin' ja'miyetlik turmısımızg'a a'debiyat penen ma'deniyatımızdın' ko'p qırlı salalarında: poeziya, proza, dramaturgiya, teatr, radio-televidenie, jurnalistika arqalı belsendi tu'rde ko'rinip, o'z talantının' ko'p tu'rliligin tanıtıp u'lgerdi.

Nishteri o'tkir satirik qa'lem iyesi Muratbay Nızanov turmıstag'ı unamsız ha'diyselerdi biraz orınlarda o'z oqıwshılarına awızsha ju'zbe-ju'z otırıp ta, radio-televidenie yamasa teatr arqalı da tez h'a'm ta'sirli jetkiziw ushın uyqasqa tu'sirilgen «qosıq»lar u'lgisinde ko'plegen shıg'armalar do'retti.

Jazıwshının' usınday shıg'armaları «İshek silem qattı menin'», «Ku'lkim keledi» degen toplamlarına kirgizilgen. Onda adam o'miri menen ja'miyetlik turmısta orın alıp kiyatırg'an byurokratlıq, menmenlik, ko'rse qızarlıq, jatıp isherlik penen paraxorlıq, sıqmarlıq, su'txorlıq, shan'araqtag'ı erli-zayıplar arasındag'ı tu'sinbewshilikler menen

kelispewshilikler, hayal-qızlardın' minezinde geyde ko'birek orın alatug'ın unamsız qa'siyetleri arqalı er azamatlarg'a orınsız azar ko'rsetiw sıyaqlı jaramsız qılwalar ku'lki nishterine ilinedi. Satirik shayır-jazıwshı bunday unamsız na'rselerdi da'l a'shkaralaytug'ın kartinalardı sezgirlik penen taba otırıp, olardı qosıq uyqasına tu'siredi. Geypara orınlarda ol usınday ha'diyselerdi poeziyalıq jol menen su'wretlewde tek g'ana to'rt qatarlı qosıq u'lgisin paydalanıp qoymastan, al geyde terme-tolg'awlıq h.t.b u'lgilerdi de paydalanıp, parodiyalar formasında shıg'armalar do'retedi.

XX a'sirdegi qaraqalpaq a'debiyatında realistlik prozada satira janrının' rawajlanıwında O.A'bdiraxmanovtın', S.Jumag'ulovtın', M.Nızanovtın' 70-90-jıllardag'ı gu'rrin'lerinin' a'hmiyeti ayrıqsha boldı. Solardın' ishinde, a'sirese, M.Nızanov o'zinin' bir neshshe toplamlarına kirgizilgen ha'm radio-televidenie, teatr saxnaları arqalı artistlerimiz, ko'rkem ha'weskerlerimiz ta'repinen atqarılg'an og'ada ko'p sanlı realistlik prozalıq do'retpelerinde ja'miyetlik turmısımızdın' a'hmiyetli ma'selelerin satiralıq ha'm yumorlıq usıllar menen ortag'a tasladı ha'm bul bag'darda o'z sheberligi ha'm belsendiligi, o'z qoltan'bası menen ko'zge tu'sti. Onın' satiralıq gu'rrin'leri menen povestleri o'zinin' haqıyqatshıllıg'ı, geyde jen'il yumor, jarasımlı ha'zili, geyde og'ada o'tkir, nishterli ku'lkisi – ironiyası menen oqıwshılardın' dıqqatın o'zine tartadı. Jazıwshının' satiralıq gu'rrin'lerinde ja'miyetlik turmıstın' konkret belgili bir ma'writlerindegi ashshı turmıs shınlıg'ın shım-shıtırıq yamasa orınsız uzaq waqıyalarg'a sozıp otırmastan, anaw yaki mınaw qaharmanlardın' ko'binese awızeki gu'rrin'leri, jazg'an xatları, eske tu'siriwleri ha'm ko'z aldına elestiriwleri, geyde qısqa-qısqa dialoglar arqalı-aq sol obrazlardın' ishki minez-qulıq, a'dep-ikramlılıq sıpatları ashıp beriledi. Onın' bizge belgili bolg'an «İsi kelispegen adam», «Tu's», «Jaqında qızıq boladı» ha'm tag'ı basqa

gu'rrin'lerinde turmıs haqıyqatlıg'ı yumor-satira arqalı nishterli etip su'wretlengen.

Jazıwshının' gu'rrin'lerin' geypara jetispewshilikleri ha'm nuqsanları haqqında aytatug'ın bolsaq, onda qa'lem iyesi mayda temalılıqtan ele de qutıla otırıp, o'zinin' en' jaqsı shıg'armalarındag'ıday oqıwshı yadında atı qalmasa da, minez-qulqı mudamı saqlanıp qalatug'ın obrazlardı ku'sheytiwi kerek. Onın' geypara gu'rrin'lerinde asıg'ıslıq etip, sapadan ko're shıg'arma sanın ko'beytip jiberiwden kelip shıqqan kemshilikler de joq emes. Bunday shıg'armalardın' ayırımlarında ideyalıq gu'n'girtlik, waqıyalar mazmunın ashıp beriwde bolg'an ha'diyselerden g'ana arman o'te almawshılıq, geyde shıg'armanın' ulıwma gumanistlik, ma'n'gilik filosofiyalıq qa'siyetlerine zıyan beretug'ın waqıtsha statistikalıq faktlerge ju'giniwshilik, so'ytip, ko'rkem obraz, nag'ız ko'rkem a'debiyat emes, al o'z da'wirinin' siyasatına g'ana xızmet etiwge qushtar publitsistizm menen jurnalistlik usılg'a jol qoyıp, geyde ja'miyetlik siyasiy awdarıspaqlar waqıyasına da berilip, jurnalistikag'a qaray ketiw sıyaqlı kemshilikler yamasa ko'rkemlik jag'ınan oylanatug'ın orınlar bar. Biraq M.Nızanovtın' satiralıq gu'rrin'lerinen en' saylandıların ha'r ta'repleme a'debiy estetikalıq tallaw arqalı milliy a'debiyatımızdın' usı janrının' ko'pshilik ma'selelerin so'z etiwge boladı. Bul so'zsiz tu'rde talantlı satiriktin' baxtı, al milliy a'debiyatımızdın' XX a'sirde shıqqan shın'larının' biri dep belgilesek, onda maqtanshaqlıq emes sıyaqlı»[1].

Haqıyqatında da, M.Nızanov qaraqalpaq a'debiyatında o'zinin' jekke do'retiwshilik jolına iye jazıwshılardın' biri desek boladı. Ol do'retken ha'r bir shıg'armada da'wirdin' ha'r qıylı ko'rinisleri ha'm qıyınshılıqları anıq su'wretlenedi ha'm ashıp beriledi. Da'wirdin' ha'm ja'miyettin' ashshı haqıyqatlıqları onın' barlıq shıg'armalarında o'zinshe sa'wleleniwin tapqan.

[1] Есенов Ж. Танылған тулғалар. Нөкис «Қарақалпақстан», 2001.

M.Nızanov xalıq arasında o'zinin' do'retken satiralıq qosıq ha'm gu'rrin'lerinen basqa turmıstı anıq su'wretleytug'ın povestleri menen de belgili boldı. Onın' «Para», «Jat jurttag'ı jeti ku'n», «Eki qanxor», «Adam ku'ldirgeni ushın», «O'lim aldındag'ı iyt», «Aqshagu'l» povestleri oqıwshılar ha'm a'debiyatshılar ta'repinen joqarı bah'alandı. M.Nızanovtın' jaqında, yag'nıy 2004-jılı ıqlasbentler na'zerine usınılg'an «Aqshagu'l» povesti realistlik prozadag'ı jetiskenliklerinin' biri boldı. Bul povesttin' o'zbek tiline awdarılıwı ha'm og'an belgili o'zbek a'debiyatshılarının' joqarı baha beriwi a'debiyattanıw iliminde unamlı qubılıslardın' biri boldı.

M.Nızanov ta'repinen do'retilgen povestler satirik jazıwshının' tek g'ana yumor-satiralıq bag'darda emes, al haqıyqıy real turmıstı su'wretlewshi, insanıylıq a'hmiyeti basım ko'rkem realistlik shıg'armalar do'retiwde de qa'leminin' ısılg'anın ko'rsetedi.

M.Nızanov ha'zirgi a'debiyatımızdın' haqıyqat jan ashırı sıpatında o'zinin' qa'lemlesleri haqqında a'debiy sın maqalalar jazıw menen de ko'zge tu'sti. Onın' S.Jumag'ulovtın' yumorlıq shıg'armaları tuwralı «Saylawbaydın' ku'ldirgish qa'lemi» («A'miwda'rya», 1987, №7) degen maqalası ha'm talantlı jas shayır P.Mırzabaevanın' qosıqlarına arnalg'an «Shertilgende ıshqı tarı» atlı retsenziyaları basıldı ha'm bul a'debiy sın maqalalar o'zine tartımlılıg'ı, a'debiy sındag'ı jan'asha janrlıq-stillik umtılıslar sıpatında ko'ringenligi menen de a'hmiyetke iye.

Ha'zirgi ku'nde de M.Nızanovtın' nishterli qa'leminen jaqsı satiralıq shıg'armalar do'retilmekte. Jazıwshı o'mir shınlıg'ın ayqın su'wretleytug'ın shıg'armalar do'retip, oqıwshılar na'zerine usınbaqta. Shıg'armalarının' ko'p tomlıg'ı baspadan shıg'arılıp, ha'zirde o'z ıqlasbentlerine iye boldı. Bul toplamlardan h'a'zirgi turmıstı ayqın su'wretleytug'ın gu'rrin'leri orın alg'an[1].

[1] Нызанов М. Шығармаларының толық жыйнағы. I том, Нөкис «Билим», 2008; II том. Нөкис, «Қарақалпақстан», 2009.

Demek, M.Nızanov ha'zirgi waqıtta a'debiyattın' ha'r bir janrında o'z mu'mkinshiliklerinen kelip shıg'ıp, jan'alıqqa umtılmaqta.

Ulıwma alg'anda, M.Nızanov XX a'sirdin' aqırı ha'm XXI a'sirdin' basındag'ı qaraqalpaq a'debiyatında talantlı satirik, sheber prozaik, komik dramaturg, realist-jazıwshı sıpatında xalqımızg'a jaqsı tanılg'an do'retiwshilerdin' biri bolıp tabıladı.

## I Bap. «Aqret uyqısı» povestinde syujet ha'm qaharman obrazı

Ko'rkem a'debiyatta o'mirdin' anıq ko'rinisin, ko'plep adamlar, waqıyalar, insanıylıq qatnasıqlar, pikir-sezimlerdi turmıstag'ıday teren', birigip ketken halda sa'wlelendiriw ushın ha'r qıylı ko'rkemlew qurallarınan paydalanıladı. A'lbette, bir jazıwshı paydalang'an qurallar basqa jazıwshınıkine uqsamaydı. Biraq sonday qurallar ha'm bar, olar a'debiyattın' ulıwmalıq qa'siyetlerinen kelip shıg'adı.

«... Birinshiden, barlıq jazıwshılar paydalanatug'ın en' a'hmiyetli qural-obrazlar payda etiwge imkan beriwshi tildi ko'rsetip o'tiw za'ru'r.

Ekinshiden, a'debiyatta o'mir ag'ımı, ha'reketlerin o'z ishine alıwı sebepli syujet, yag'nıy adamlar xarakteri-ta'g'diri, is-ha'reketleri, sotsiallıq soqlıg'ısıwlar, ju'zege keletug'ın waqıyalar yaki pikir-sezimler ag'ımı da aldın'g'ı orıng'a shıg'adı.

U'shinshiden, ideyalıq-ko'rkem maqsetti a'melge asırıwda geyde shıg'armada qatnasıwshı qaharmanlar tiline, ga' ta'biyat ko'rinisine, ga' avtor waqıyasına, dialog ha'm manologlarg'a, qaharmanlardın' o'z-ara jazısqan xatlarına, ku'ndeliklerine ha'm basqa qurallarg'a mu'ra'ja't etiw za'ru'rligi ha'r bir a'debiy shıg'armanın' qurılıwına yaki a'debiyat teoriyasındag'ı atama menen aytqanda, kompozitsiyag'a iye bolıwın talap etedi.

To'rtinshiden, do'retiwshnin' maqsetinin' a'melge asıwı jazılg'an shıg'armanın' a'debiy tu'rine, janrlıq qa'siyetlerine baylanıslı»[1].

Demek, ha'r qanday shıg'armanın' ko'rkemligin ta'miyinleytug'ın bo'limi onın' syujeti.

«Syujet – frantsuzsha «syujet» - «na'rse», «tema», «mazmun», - degen ma'nilerdi an'latadı. Ko'rkem shıg'armada qaharmanlardın' xarakterinin'

[1] Худайбергенов Е. Адабиётшуносликка кириш, Тошкент, «Иқтисод-молия», 2007, 55-56-бетлер.

rawajlanıw tariyxın ko’rsetetug’ın waqıyalar sisteması. Syujetsiz epikalıq shıg’arma bolıwı mu’mkin emes, o’ytkeni a’debiyat turmıstı obrazlar arqalı ashıp beretug’ın bolsa, al syujet belgili rus jazıwshısı M.Gorkiydin’ aytqanınday: «... adamlardın’ o’z-ara qatnaslarının’ baylanısları, qarama-qarsılıqları, simpatiyaları, antipatiyaları – anaw yamasa mınaw xarakterdin’ sa’wleleniwinin’ ha’m rawajlanıwının’ tariyxı».

Syujettin’ tiykarg’ı negizi bolıp, sol jazıwshı su’wretlep atırg’an ja’miyettin’ qarama-qarsılıqları, onın’ ha’r qıylı konfliktleri jatadı. Mine, usınday turmıslıq konfliktlerdi sa’wlelendiriwde ko’rkem shıg’arma syujeti: ekspozitsiya, waqıyanın’ baslanıwı, waqıyanın’ rawajlanıwı, kulminatsiya, waqıyanın’ sheshiliwi sıyaqlı sha’rtli tu’rdegi birneshe basqıshlarg’a bo’linedi.

A’lbette, syujetlik rawajlanıwdın’ bunday ko’rinisleri barlıq shıg’armalarg’a da tiykar keste sıpatında jazıwshı ta’repinen bir qa’lipte qollanılmastan, al ol ha’r shıg’armag’a, ha’r bir janrg’a baylanıslı tu’rlishe tu’s alıwı mu’mkin. Sonın’ ushın da qa’legen shıg’armada syujettin’ tiykar kestesin usınıw mu’mkin emes, eger bulay etsek, bul do’retpe sxematizmge barıp tireledi.

Sonın’ menen birge, shıg’arma syujetinde, onın’ kompozitsiyasında prolog penen epilog sıyaqlı komponentler de qatnasıwı mu’mkin ha’m geypara shıg’armalarda avtordın’ maqsetine baylanıslı u’lken ideyalıq-estetikalıq a’h’miyetke iye bolıwı mu’mkin»[1].

Demek, syujet - ko’rkem shıg’armanın’ mazmunın ashıp, mazmundı formag’a ko’shiriwdin’ negizgi jolı yaki bolmasa ta’sili.

Ayırım ko’rkem shıg’armalarg’a tallawdı syujeti boyınsha ko’rip shıqsaq, fabula menen ekewin shatastırıwlar ushırasadı. Solay bolsa da, syujetti fabuladan bo’lip qarawshalır da, bular ekewin qosıp qarawshılar da

[1] Ахметов С, Есенов Ж, Жәримбетов Қ. Әдебияттаныў атамаларының орысша-қарақалпақша түсиндирме сөзлиги. Нөкис, «Билим», 1994, 204-205-б.

bar. Bunın' baslı sebebi syujetti – ha'reket, fabulanı – waqıya, dep qarawdan bolsa kerek. Olay dep oylayıq desek, ha'reketsiz waqıyanın' o'zi bolıwı mu'mkin emes. Sonın' ushın da, ko'pshilik a'debiyatshılar fabulanı syujetten bo'lip qaraydı. Sol sebepli L.İ.Timofeev ha'm İ.Shepilova «Syujet degenimiz ko'rkem shıg'armanın' mazmunına aynalg'an waqıyalardın' o'z-ara baylanısı ha'm o'sip rawajlanıwı»[1], - degen pikirdi aytqan.

Demek, syujet ko'rkem shıg'armalarda obraz jaratıw ushın qollanıladı. Syujet bul ko'rkem shıg'armada su'wretlenetug'ın waqıyalardın', ha'diyselerdin', personajlardın' is-ha'reketinin' belgili bir ta'rtipke tu'sken dizimi yamasa jıynag'ı. Jazıwshı personajlardın' obrazın jaratıw ushın syujetti paydalanadı. Syujettin' rawajlanıwı arqalı personajlardın' is-ha'reketi ko'rinedi. Olardın' kelbeti, xarakteri ashıladı.

Sonı aytıp o'tiw kerek, haqıyqıy realistlik shıg'armada syujettin' qaysı tu'ri qollanılıwına qaramastan, ol, a'lbette, qaharman xarakterin jaratıwg'a, shıg'arma ideyasın ashıwg'a xızmet qılıwı za'ru'r. Belgili so'z ustaları o'z shıg'armalarında waqıyalar menen obrazlardın' birligine, obrazlar xarakterinin' ashılıwına ayrıqsha itibar beredi. «Menin' shıg'armamda, - dep aytadı dramaturg N.Pogodin, - waqıyalardı da, so'zdi de obraz basqaradı». Sonnan bolsa kerek, du'nya a'debiyatındag'ı qaysı bir klassikalıq shıg'armanı eslesen'iz, da'rhal sol shıg'armanın' waqıyaları emes, ba'lki onda qatnasqan qaharamanlardın' xarakterleri ko'z aldın'ızg'a keledi»[2].

Bunnan ko'riwimizge boladı, ha'r qanday bekkem syujetke qurılg'an ko'rkem shıg'armada obrazlar tolıq da'rejede ashıp beriledi.

Syujet, pikir ideyadan, shıg'armanın' anıq temasınan tuwıladı... Syujet qatnasıwshı personajlar ha'm olardın' obrazlarının' du'ziliwi menen bir pu'tin. Dramada obrazlar so'z vulkanında emes, ba'lki ha'reketlerde ko'rsetiledi.

---

[1] Мамбетов К. Әдебият теориясы. Нөкис 1995. 96-бет.
[2] Бобоев Т. Адабиётшунослик асослари. Тошкент, «Ўзбекистон», 2002. 113-бет.

Ko'rkem syujet o'mir ko'rinislerin a'dettegidey ha'rekette ko'rsetedi. «Jazıwshı tek qa'lem menen emes, ba'lki so'z quralı menen ko'rinisler sızıwdı, sızg'anda da su'wretshi sıyaqlı adamlardı ha'reketsiz su'wretlewdi emes, ba'lki olardı so'z benen ha'rekette, ja'miyetlik toparlar, jekke adamlar, gu'resinde ko'rsetiwi lazımlıg'ın tu'siniwi kerek» ,- deydi M.Gorkiy.[1]

Demek, a'debiy shıg'arma soqlısıwlarsız, yag'nıy konfliktsiz bolmaydı. Sebebi ha'r qanday ko'rkem shıg'armada konflikt k o'ringen jerde waqıya baslanadı. «Konflikt – latınsha «Conblictus» - «soqlıg'ısıw» degen so'zden alıng'an. Shıg'armanın' o'tkirligin, tartımlılıg'ın, ko'rkemlik ha'm ideyalıq qunın arttırıwg'a ja'rdemlesetug'ın ko'rkem a'mellerdin' biri. Konflikt epikalıq yamasa dramalıq shıg'armanın' syujetin keskinlestiredi. Ol personajlardın' minezlerinin', ma'plerinin' qarama-qarsılıg'ı tiykarında payda boladı ha'm syujetlik waqıyaların rawajlandıradı.

Konflikt jekke minezler (personajlar), sotsiallıq toparlar ortasında payda bolıwı mu'mkin ha'm ol avtordın' maqsetine, waqıyalardın' rawajlanıwına qaray ha'wij alıwı mu'mkin. Personajlardın' arasındag'ı qatnasıqlar a'bden shiyelenisip, waqıyalardın' rawajlanıwı birotala shegine (kulminatsiyag'a) jetken son' konflikt o'z sheshimin tabadı. Bul qubılıstı a'debiyattanıw iliminde final yamasa waqıyanın' sheshimi dep ataydı. Konflikt biraz jag'daylarda kolliziya degen menen de ju'rgiziledi»[2].

Jazıwshı A.Tolstoy aytqanınday, «Syujet – sotsiallıq qarama-qarsılıqlardı ashıwdın' gilti»[3].

Konflikt – lirikalıq shıg'armalarda da boladı. Onda konflikt lirikalıq qaharman menen sırtqı ortalıq, yag'nıy obektiv du'nya ortasında o'tedi.

---

[1] Горький М. Адабиёт ҳақида. Тошкент, «Ўзадабийнашр», 1962, 209-б.
[2] Ахметов С, Есенов Ж, Жәримбетов Қ. Әдебияттаныў атамаларының орысша-қарақалпақша түсиндирме сөзлиги. Нөкис, «Билим», 1994, 104-б.
[3] Бобоев Т. Адабиётшунослик асослари. Тошкент, Ўзбекистон, 2002, 115-бет

Lirikalıq konflikt lirikalıq qaharmannın' ishki keshirmelerin, oy-sezimlerin, ruwxıy halatların beriw arqalı su'wretlenedi.

«Konflikt – syujetti ha'reketke keltiriwshi ku'sh. Onın' ta'sirshen'ligin, qızıqlılıg'ın, ko'lemin belgilewshi a'hmiyetke iye. Ko'rkem a'debiyatta onın' tu'rli formaları ushırasadı.

1. Psixologiyalıq (ruwxıy konflikt-qaharman qa'lbindegi sezimler, tu'sinikler gu'resi.

2. Ja'miyetlik konflikt - shıg'arma qaharmanları menen olar jasap atırg'an sharayatlar arasındag'ı gu'res.

3. Jekke intim konflikt – bir-birine qarama-qarsı ha'reketler, toparlar arasındag'ı gu'res»[1].

Syujet – barlıq waqıtta, bir formada, bir bag'darda rawajlana bermeydi. Ol mudamı o'zgeriwde boladı. Klassikalıq a'debiyatlardag'ı syujetlerdi waqıyalar menen personajlardı bir ta'rtipte, izbe-iz, basqıshpa-basqısh rawajlanadı. Olarda waqıt penen waqıyalardın' izbe-izligi saqlanıp baradı»[2].

Waqıyanı bayanlaw klassikalıq ha'm klassikalıq emes bolıp bo'linedi. Joqarıda klassikalıq bayanlawg'a berilgen anıqlama edi. Al, ko'rkem shıg'armada klassikalıq emes bayanlaw onın' kerisi boladı. Bunda waqıya izbe-izlikte, basqıshpa-basqısh bayanlanbaydı. Xronologiyalıq ta'rtip buzılıp, waqıya ortasınan, basınan yaki aqırınan baslanadı. Bunday bayanlaw shıg'armag'a bolg'an oqıwshının' qızıg'ıwshılıg'ın arttıradı.

«Aqıret uyqısı» M.Nızanovtın' qa'lemine tiyisli ken' ko'lemli povest. Bul do'retpe 2008-jıldın' 6-oktyabrinen 13-dekabr aralıg'ında jazıp pitkerilgen. 2009-jılı «Qaraqalpaqstan» baspasınan o'z aldına kitap bolıp shıqtı.

Bul povest turmıs shınlıg'ın, da'wirdin' ashshı haqıyqatların, insannın' ruwxıy halatların ashıq ha'm ken' ko'lemde su'wretlep beredi. Ha'r qanday

---

[1] Умуров Ҳ. Адабиётшунослик назарияси. Тошкент, 2004. 123-124 б.
[2] Жәримбетов Қ. Әдебият теориясы пәнинен лекция текстлери. Нөкис, ҚМУ, 2007, 12-б.

da'wirdegi ja'miyet adamları arasında tu'rli kelispewshilikler, qarama-qarsılıqlar kelip shıg'ıwı mu'mkin. Usınday adam ruwxıyatına ta'sir etiwshi unamsız jag'daylardan shıg'ıp ketiw, qıyınshılıqlardı jen'iw ushın temirdey bekkem shıdam bolıwı kerek. Bul povestte bas qaharman O'temurattın' ruwxıy halatı ken' tu'rde ashıp beriledi, yag'nıy bul povest nag'ız psixologizmge qurılg'an shıg'arma bolıp esaplanadı. Bul haqqında filologiya ilimlerinin' doktorı, professor Q.Orazımbetov usı «Aqıret uyqısı» kitabının' alg'ı so'zinde («Tınıshsız ruwx tolg'anısları») mınaday pikirlerdi keltirip o'tedi: «Mag'an M.Nızanovtın' «Aqıret uyqısı» povestinin' birinshi oqıwshısı bolıw nesip etti. Durısın aytıw kerek, jazıwshının' ko'p sanlı yumorlıq gu'rrin'leri menen tanıs edim. «Aqshagu'l» povestin oqıp onın' ku'ndelikli turmıstı a'dewir teren'nen u'yrenip ju'rgenine isengenim menen, nag'ız psixologizmge qurılg'an shıg'arma jazıwın ku'tpegen edim. Qaraqalpaq a'debiyatında son'g'ı da'wirde qaharmannın' tınıshsız ruwx tolg'anısların sa'wlelendiriw arqalı insan ruwxıyatına ku'shli ta'sir jasaytug'ın bunday shıg'arma oqımadım. Joqarıda atap o'tkenimizdey, shıg'arma qa'nshelli turmıslıq waqıyalarg'a (detektiv ha'diyseler, natural su'wretlengen ıshqıy ha'reketler h.t.b.) tolı bola bersin, onda insannın' ruwxıy keshirmeleri, psixologizmi qatnaspasa oqıwshının' kewil du'nyasına ta'sir jasay almaydı. O'ytkeni, insan o'zinin' aqıl du'nyasın ilim arqalı da, pedagogika arqalı da bayıtıwı mu'mkin, biraq kewil du'nyasın bayıtatug'ın tiykar – bul iskusstvo, sonın' ishinde a'debiyat.

Demek, qaharman psixologizmin jaratıw, oqıwshı ruwxıy du'nyasına jol izlewdin' bir a'disi degen so'z».[1]

Shınında da, bul povestte insannın' ruwxıy halatı birinshi orında turadı. Bug'an qosa waqıyalar qaharmanın' o'tken pu'tkil o'mirin eske tu'siriwlerine qurılg'an.

---

[1] Нызанов М. Ақырет уйқысы. Нөкис, «Қарақалпақстан», 2009. 3-бет.

Klassikalıq a’debiyatta ko’rkem shıg’arma syujetin bayanlaw eki tu’rli jol menen (klassikalıq ha’m klassikalıq emes) a’melge asırıladı, dep aytıp o’tken edik.

Bul povest waqıyalarının’ bayanlanıwı boyınsha syujettin’ klassikalıq emes tu’rine kiredi, yag’nıy bunda tiykarg’ı syujet eske tu’siriwler formasında waqıyalardın’ aqırınan baslanıp su’wretlenedi ha’m bul arqalı bas qaharman O’temurattın’ ruwxıy halatı ashıp beriledi. Bunda syujetten ko’re qaharmannın’ ruwxıy halatı birinshi orında turadı. Bas qaharman O’temurat g’arrı ruwxıy halatında eki du’nya aralıg’ına tu’sip qaladı ha’m o’tken o’mirin esleydi. Bunda qah’armannın’ o’mirinde iz qaldırg’an bir neshshe da’wir ko’rinisleri h’a’m usıg’an baylanıslı qıyınshılıqları ashıp beriledi. Usınday ko’rkemlik o’zgeshelikleri menen bul povest roman janrına uqsap ketedi.

«Roman - ja’miyetlik turmıs waqıyaların ken’ epikalıq masshtabta» ashıp su’wretleytug’ın prozanın’ iri janrlıq tu’ri. Bul janr ko’tergen ma’seleleri jag’ınan da,turmıstı qamtıw masshtabı menen de bir neshshe gu’rrin’ ha’m povestlerdin’ wazıypasın bir waqıt ishinde atqara aladı, sonın’ ushında ol og’ırı quramalı ha’m qospalı, bir neshe janrlardı o’zinin’ boyına sin’irgen sintetikalıq sıpatqa iye»[1].

Biraq bul povestte roman janrındag’ıday bir neshshe da’wir ko’rinisleri su’wretlengeni menen barlıq waqıyalar ha’m obrazlar bir qaharmannın’, yag’nıy O’temurattın’ a’tirapına sho’lkemlestirilgen.

Povestte sa’l kem bir a’sirlik o’mir tariyxına iye O’temurat g’arrı en’ son’g’ı aqıret uyqısında jatıp o’tken pu’tkil o’mirin, basınan keshirgen waqıyaların eske tu’siredi ha’m usıg’an baylanıslı ko’zi uyqıda, biraq ko’kiregi oyaw qaharmannın’ ruwxıy tolg’anısları, o’z o’mirinin’ jag’ımlı ha’m jag’ımsız ma’writlerinen tınıshsızlanıwları ko’rkem psixologizmnin’

[1] Ахметов С, Есенов Ж, Жәримбетов Қ. Әдебияттаныў атамаларының орысша-қарақалпақша түсиндирме сөзлиги, Нөкис, «Билим», 1994, 181-б.

jan'asha formada beriliwi arqalı sa'wlelendiriledi. O'temurat on u'sh jasında a'kesinen jetim qalg'an, turmıstın' tu'rli qısılshan'lıqların anası A'njim menen birge ko'rgen, son'ınan a'kesine «u'lken adam bolaman», - dep bergen wa'desin orınlaw ushın joqarı oqıw orınlarında bilim alıp, jaqsı adamlardın' ha'm o'zinin' uqıbı, talantı, tabanlı miyneti, aqıllılıg'ı ha'm adamgershiligi menen o'zi jasap turg'an ja'miyette ha'm «u'lken insan», ha'm «u'lken alım» da'rejesine jetisken ruwxıy ku'shli qaharman obrazı bolıp tabıladı.

Povest bas qaharmannın, yag'nıy O'temurattın' ko'p jasag'an, esi kireli-shıg'alı bolıp qalg'an kempir apası (anıg'ırag'ı atasının' qız apası) Bazar kempirdin':

*«Toqsan jasayın degen jasım ba edi,*

*Arpa taqan isheyin degen asım ba edi?!»,*- degen balalıq da'wirinde esitken ha'm yadında ma'n'gige mo'rlenip qalg'an eki qatar naqılın eske tu'siriwi menen baslanadı. Ha'm usı eki qatar naqıl arqalı povestte o'lim h'alatında jatırg'an insannın' o'z o'mirinin' mazmunın ashıwg'a umtılıwları beriledi. Povestte O'temurat g'arrının' pu'tkil o'miri balalıq da'wirinen, yag'nıy atalas kempir apası Bazar ha'm o'zinin' tuwg'an kempir apası Genjegu'llerdi eske tu'siriwlerinen baslap onın' g'arrılıq da'wirine deyingi basınan keshirgen waqıyaların su'wretlewlerden turadı.

Povestte tiykarg'ı syujet O'temurat g'arrının' Nawrızbay Qulenov degen alımnın' jetpis bes jıllıq merekesinen kiyatırıp u'yinin' da'rwazasının' aldında miyi aylanıp jıg'ılıwı ha'm qah'armannın' eki du'nyanın' ortasına tu'sip qalıwı sıyaqlı ruwxıy jag'dayın su'wretlewlerden baslanadı. Shıg'armadag'ı usı su'wretlewlerge baylanıslı barlıq waqıyalar bir na'peste oqıp shıg'ıladı. Sebebi miyine qan quyılıp, aqıret uyqısında jatırg'an qaharmannın' bir neshshe ku'n ishindegi pu'tkil ruwxıy jag'dayı avtor ta'repinen bas qaharmannın' birese ken' aspan a'lemine, birese ushı-

qıyırı joq muzlıqlar ma'kanına, birese jas tog'aylıqlar ma'kanına, birese jer astındag'ı a'psanawiy tun'g'ıyıq tunnelge, birese ashıq ten'izdegi motorlı qayıqqa tu'sip qalıwları sıyaqlı onın' sol waqıttag'ı ruwxıy o'zgerisleri, tolg'anısları arqalı ashıp beriledi.

Qaharman en' da'slep aspan a'lemine ushıp barg'anında ol jerde a'lle qashan o'lip ketken Bazar apasın, tirisinde o'zine ko'p azap bergen qon'sısı Embergen qotırdı ushıratadı. Embergen qotır bul jerde de og'an jamanlıq islemekshi boladı. A'ne, usı waqıya sebep bolıp O'temurat o'zinin' Embergen qotır menen baylanıslı o'mirin eske tu'siredi. Bir waqıtları Genjegu'l kempir ha'm a'kesi Mırzamurat barda O'temuratlardın' u'yi «u'lken u'y» atanıp, usı shan'araqtın' u'lken-kishisinin' aldınan hesh kim kesip o'te almaytug'ın adamlar, atap aytqanda qon'sısı Rambergen ko'se, onın' balası Embergen qotırdan tartıp kolxozdın' brigadiri, «na'likshileri»ne deyin aylandırg'anı usı shan'araq bolıp qaldı. A'sirese, O'temuratqa, onın' anası A'njimge ko'p azar bergen olardın' qon'sısı Rambergen ko'se h'a'm onın' balası Embergen qotırlar boldı. Ma'selen, O'temuratlardın' shan'arag'ına tiyisli jerdi Rambergen ko'senin' iyelep alıp «o'zinin' mo'ldegindey jo'tkirinip aylanshıqlap» ju'riwi, ol jerdin' tereklerin shawıp alıp, o'zinin' atızınday ornına biyday egip jiberiwi, sol sebepli A'njim menen balasının' ekken eginine suw baratug'ın sag'anı baylap taslap, olardın' qıs azıg'ısız qalıwları oqıwshıda ha'm ayanıshlı, ha'm g'a'zepli sezimlerdi oyatadı. A'sirese, bul waqıttag'ı japakesh hayal A'njimnin' awır ruwxıy jag'dayı teren' psixologiyalıq su'wretlewlerde ashıp beriledi.

« - Wa, zaman degen-a'! – dedi son' ko'yleginin' jen'i menen man'layının' terin su'rtip. - Da'wran kimnin' da'wranı, jesir qatınnın' da'wranı! Endi bir ko'lata jer, usınsha tal, usınsha ma qaraman A'njimge buyırar eken-da'! Him! Ot beremen-aw ot!

A’njimnin’ erinleri dir-dir qaltıradı, qollarının’ sawsaqları da ga’ ashıldı, ga’ jumıldı.

- Qaynag’a-a! – dedi bir waqıtta shıdamay. Onın’ targ’ıllang’an dawısınan shorshıp ketken ko’se ornınan atlıg’ıp turg’anın bilmey-aq qaldı.

- Ha’ ba’dbag’! Senbe edin’?...

- Bir awız sorasan’ız da berer edik...

- Ne?! Kimnen sorayın? Sennen be? O, paqır-aw! Bul tallardın’ shıbıg’ı shanshılg’anda sen sheshen’nin’ qarnında da joq edin’, bildin’ be? Bul taldın’ iyesi Mırzamurat-a’m emes, esin’de tut! A’... sonda da keshte ekewinin’ jolına quran oqıp jiberermen, ju’da’ bolmasa ... Keyin mende haqısı qalmaydı.

- Ornında bizler barmız-g’o, qaynag’a! Mına erkek kindik – tuyag’ı bar!

- Qorıqpa! Senin’ bul murnıbog’ın’ kele bolaman degenshe ele ornına talay ma’rte o’sip shıg’adı bul tallar!»[1].

Bunda qaharman hayal A’njimnin’ ruwxıy halatı teren’ psixologiyalıq su’wretlewler arqalı ashıp berilse, al Rambergen ko’senin’ islegen is-ha’reketleri arqalı onın’ xarakterine ta’n belgileri ko’rinedi.

Povestte avtor qah’armannın’ aspan a’lemine ha’m muzlıqlar ma’kanına tu’sip qalıwı sıyaqlı ruwxıy halatı, sonday-aq eske tu’siriwleri arqalı O’temurattın’ urıs da’wirine shekemgi o’mirin su’wretlep beredi. Bas qaharmannın’ usı bo’limlerdegi eske tu’siriwlerinde qarapayım awıl adamlarının’ basına tu’sken awırmanlıqlar, yag’nıy ku’ni menen atızda paxta terip, tu’ni menen u’yde go’rek shag’ıp qıynalg’an xalıqtın’ ayanıshlı ta’g’diri shıg’arma qaharmanları A’njim ha’m onın’ balası O’temurat obrazı arqalı sa’wlelenedi.

Sonday-aq, povestte bas qah’arman O’temurattın’ muzlıqlar ma’kanı Arktikada onı bala gezinde tazlar emlewxanasına aparıp taslag’an Bekniyaz

---

[1] Нызанов М. Ақырет уйқысы. Нөкис, «Қарақалпақстан», 2009. 26-27-бетлер.

doktordı ushıratıp qalıwı onın' balalıq da'wirine tiyisli ayırım epizodlardı eske tu'siriwine imkan jaratadı. Ja'ne de usı bo'limde avtor O'temuratqa ha'm onın' anasına ko'p jamanlıqlar islegen qon'ısı Embergennin' qotır bolıp qalıw waqıyasın kirgizedi. Ha'm bul usıl povestte qaharman obrazın tolıqtırıw ushın ko'rkemlik xızmet atqaradı.

Al, syujettin' bayanlanıwında O'temurattın' jıs tog'aylıqlar ma'kanı Taygag'a tu'sip qalıwı sıyaqlı ruwxıy jag'dayı arqalı qah'armannın' urıs da'wirindegi bastan keshirgen waqıyaları eske tu'siriledi. Usı su'wretlewlerde avtor ja'ne kompozitsiyalıq izbe-izlikti saqlap, Embergen qotırdın' urıs da'wirindegi is-ha'reketleri, qılmısların su'wretleydi. Ha'm bul jag'day povestte qah'armannın' o'zinin' tilinen sheber ashıp beriledi: *«Menin' jaram awır emes, - dedi ol bug'an. – Lekin men bul jerden ketpewdin' tu'rli jolın izlep atırman. Gradusniktin' tu'bin ısqılap, ıssılıg'ımdı ko'teremen. Keshe bir atım nasıbay jutıp edim, biraq, o'zim de qattı qıynalıp qaldım. İshken-jegenimnin' ha'mmesi qaytıp tu'sti. Biraq, qaytıp tu'spegende jaqsı edi. Asqazanın' jara bolsa, awılg'a qaytaradı.*

*- Onnan ne payda tabasan'?! – dedi O'temurat h'ayran bolıp.*

*- O'mir boyı keselge shatılasan' g'o.*

*- Esesine tiri ju'remen g'o. Dushpan senin' birewdin' jalg'ız balası ekenin'e qarap otırama?»*[1].

Biraq bul sumlıg'ı basına jetip Embergen a'skeriy tribunalg'a tu'sedi. Ha'm onın' a'kesi Rambergen ko'se o'lgende onın' namazına awıldan bir-eki adam-aq qatnasıp, onın' denesi de o'z qa'wimine qosıla almay, basqa qoyımshılıqqa jerlenedi.

Povest syujetinde bas qah'armannın' jer astı tunnelinde dozaqtın' ishinde qıp-qızıl shoqta janıp atırg'an awılındag'ı Bekniyaz doktordı ko'riwi, al onın' bul otqa ata ka'sibin quwıp meditsinalıq institutı qızıl

[1] Нызанов М. Ақырет уйқысы. Нөкис, «Қарақалпақстан», 2009. 48-бет.

diplom menen pitkergen, «barmaqları ko'zge aylanıp ketken» xirurg balası Nurniyazdın' islegen awır qılmısı – ayırım jınayatshılardın' qorqıtıwları sebepli Erg'abıl Ma'wlenov degen abroylı ha'meldar adamdı narkoz berip o'ltirip, o'zin o'limnen qutqarıp qalg'anı h'a'm balasının' Gippokratqa bergen antın buzıp, islegen usı awır qılmısın joqarıdan gu'zetip turg'an a'kesinin' ruwxı tınıshsızlanıp, perzentinin' janı qıynalmasın, - dep ha'r ku'ni usı dozaq otında o'zin ku'ydirip shıg'atug'ınlıg'ı O'temuratqa ruwxıy jaqtan ku'shli ta'sir etedi. Na'tiyjede usı waqıya sebepli O'temurat ta endi o'zinin' islegen gu'naları, qıyaneti h'aqqında oylanadı, ruwxıy tolg'anadı. Sol waqıtta g'arrının' ko'z aldına kishkene qızı Ma'hiyda elesleydi. Ol sonda g'ana ku'yew balası M.Pirnazarovtın' o'zinin' qa'yin atasının' abroyınan paydalanıp kandidatlıq jumısın kafedrag'a usınbaqshı bolg'anı, onı O'temurattın' ilimge tu'k jantaspaytug'ın bir na'rse sıpatında qaralap taslag'anı ha'm usının' sebebinen qızının' turmısın buzıwg'a sebepshi bolg'anlıg'ı h'aqqında oylanadı. Al, usı waqıyag'a baylanıslı bas qaharmannın' ruwxıy tolg'anısları h'a'm jekke xarakterine ta'n qa'siyetleri onın' sanasında ju'z berip atırg'anı qarama-qarsılıqları arqalı sa'wlelenedi. Mısalı, *«Ma'jiliste Ma'denbaydın' atına nırıqqa sıymas maqtaw ga'pler aytıldı, O'temurat uyalg'anınan zorg'a tisine tisin qoyıp shıdadı. Aqırı, ol bunday bahanın' mısqalına da ılayıq emes edi... Nege? Bunı kim sho'lkemlestirdi? O'temurattın' o'zi! Hu'jdanın' qayda O'temurat? Ag'ayinshilik, tuwg'an-tuwısqanlıq dep ilimdey muqaddes zatqa qılaplıq etesen' be? Ko'zin'di ash!»*[1].

Demek, bul tuwg'an qızının' baxtınan waz keship bolsa da, o'z hu'jdanın taza uslawg'a jan-ta'ni menen urınıp atırg'an hadal, haqıyqıy ilimpazdın' ishki du'nyasın sa'wlelendiretug'ın su'wretlewler bolıp tabıladı.

[1] Нызанов М. Ақырет уйқысы. Нөкис, «Қарақалпақстан», 2009. 56-бет.

Al, O’temurattın’ o’mirinde haqıyqattan da gu’nag’a jol qoyıwına sebepshi bolg’an bir g’ana keshirilmes qıyaneti bar edi. Ol da bolsa, ilim izertlew institutında o’zi menen birge isleytug’ın Jumabay degen ilimpaz jigittin’ gazde isleytug’ın bir jigitti o’ltirip, sol islegen jınayatın jasırg’anı, al sonnan xabar tapqan O’temurattın’ onın’ o’z waqıtnda tiyisli orınlarg’a xabarlamay, ja’birleniwshi bir insannın’ tuwg’an-tuwısqanlarına, nızamg’a ha’m en’ tiykarg’ısı o’zinin’ hu’jdanına qıyanet etiwi, sonlıqtan shıg’armada O’temurat ta «Qolı qang’a boyalg’an jınayatshı, lekin o’mirinshe da’rti ishinde ju’retug’ın biypush jigitti qattı ayag’anlıqtan» sol jınayattı usı bu’gingi shekem jasırıp kelgenligi ushın *«- Ot! Ot! – Men de Bekniyaz tu’sken otqa tu’sip janıwım kerek!»,* - dep ku’shli ruwxıy tolg’anıslarg’a tu’sedi, ishki qarama-qarsılıqlarg’a ushıraydı. İnsannın’ ishki du’nyasına bag’darlang’an bunday teren’ psixologiyalıq su’wretlewler arqalı avtor o’z qah’armanların da, kitap oqıwshıların da ruwxıy tolg’anıslarg’a salıp qoyadı.

Al, bas qaharmannın’ ashıq ten’izdegi motorlı qayıqtın’ ishine tu’sip qalıw waqıyası bolsa, onın’ ilimge bag’ıshlang’an pu’tkil alpıs jıllıq o’mirin eske tu’siriwi menen ushlasadı. Usı bo’limde avtor bas qaharman O’temurattın’ instituttag’ı studentlik jıllarınan baslap u’lken ilimpaz bolg’an da’wirine shekem su’wretlep beredi.

Povestte O’temurattı institutta oqıtqan, onı ilim jolına bag’darlag’an, son’g’ılıg’ında ilimge o’zi menen qıyınshılıqlardı, azaplardı ten’dey ko’rgen Genjebay mug’allimnin’ obrazı ayrıqsha orın iyeleydi. Onın’ obrazı bizin’ turmısımızda O’temurat sıyaqlı belgili ilimpazlardı tayarlap shıg’arıwda ayrıqsha xızmet ko’rsetken, h’aqıyqıy ustaz ha’m hadal insanlardın’ tipik obrazı bolıp tabıladı.

A’sirese, povestte bas qah’arman O’temurat obrazı oqıwshının’ dıqqatına ılayıq. Ol ilim jolında ko’p qıyınshılıqlarg’a ushıraydı, gez

kelgende nah'aq ayıplawlar sebepli g'a'remet taslarının' astında da qalıp qoyadı. Biraq ol ruwxıy tu'skinlikke tu'speydi. Oqıtıwshılıqta da, bilimde de, adamgershilik shegarasınan shıqpaydı. Ma'selen, ol o'zine Qurbanov Jumag'aliy degen student jigittin' imtixannan o'tiw ushın (O'temurattın' sol jerde birge isleytug'ın gruppalas jorası A'bdisa'mettin' siltewi menen) para sıpatında a'kelip bergen u'sh qamarı terisin sol kurstag'ı ata-anasız jetim Yaqıpbay degen balag'a malaqay etip tiktirip beriwi, na'tiyjede instituttan o'z arzası menen shıg'ıp ketiwi, Tashkentte qorg'awg'a qoyılıp turg'an kandidatlıq dissertatsiyasın A'bdisa'mettin' qaynag'ası O'temurattın' ha'm o'zinin' de gruppalas jorası, awılda mug'allim bolıp isleytug'ın Ernazar Baynazarovtın' atınan jazıp jibergen jala xatı menen eki jılg'a keshiktiriwi (shıg'armada bul son'ınan aqıret uyqısında jatırg'an O'temurattı ko'riwge kelgen Ernazardın' o'z awzınan waqıyalardın' ol bilmeytug'ın ta'repleri sıpatında keltiriledi), al onın' doktorlıq dissertatsiyasına sol da'wirdegi ayırım hu'kimet basshılarının', ilimdi tu'sinbeytug'ın sawatsız kimselerdin' «Siyasatqa qarsı miynet» dep jala jawıp, al o'zin ja'miyetke siyasiy qa'wipli shaxs sıpatında qaralawı, h'a'm shıg'armada bul waqıyalardın' astarın tu'singen institut direktorı Nazar Turdıshovtın' O'temuratqa *«Olar ekinshi Na'jimnin' shıg'ıp ketiw qa'wipinen shorshıp atır»,* - dep joqarı baha beriwi oqıwshıda ha'r qanday qıyınshılıqlar aldında bas iymeytug'ın, gu'resshen', h'adal, miynetkesh insannın' jekke ta'g'dirin su'wretlep beredi. Sonday-aq, onın' tu'rkiy tilles xalıqlarının' u'rp-a'deti, da'stu'rleri, tili, a'debiyatı ha'm ma'deniyatı menen teren'nen tanısıw maqsetinde Tu'rkiya, Mısır, İran ma'mleketlerine barıw ushın shekken azapları, ol jaqlardan kelgennen keyin shet elge shıg'ıp kelgen siyasiy qa'wipli shaxs sıpatında ba'rhama baqlaw astında ju'riwleri qah'arman ta'g'dirindegi da'wir tuwdırg'an qıyınshılıqlar, a'dalatsızlıqlar sıpatında su'wretlenedi. Usınday qıyınshılıqlardan shıg'ısqan O'temurat Mırzamuratov en' son'ında belgili a'debiyatshı alım,

u’lgili ustaz da’rejesine o’sip jetilisedi. Ha’m shıg’armanın’ son’ı O’temurat g’arrının’ o’zine kelip, balası A’jimuratqa jekke kitapxanasında portfelinin’ ishinde turg’an onın’ pu’tkil o’mir tariyxın adamlardın’ ruwxıy du’nyasında ma’n’gi saqlanıp qalıwı ushın jazg’an eki tomlıq qol jazbasın bir jazıwshının’ qolına tapsırıwın wa’siyat etiwi ha’m g’arrının’ ja’ne eki ku’nlik aqıret uyqısınan keyingi o’limin su’wretlewi arqalı tragediyalıq pafosta juwmaqlanadı.

Solay etip, jazıwshı shıg’armada bir neshshe da’wir ko’rinislerin, waqıyaların o’tkir dramalıq su’wretlewler arqalı jekke insan ta’g’dirin ha’r ta’repleme ashıp beredi.

Qah’arman xarakterin jaratıwda jazıwshı biraz jetiskenlikke erisken. Ma’selen, hesh waqıtta kisige jaqsılıq isley almaytug’ın Rambergen ko’se ha’m onın’ balası Embergen qotır obrazları, barlıq waqıtta O’temurattın’ ayag’ınan shalıp kelgen gruppalası ha’m ka’siplesi A’bdisa’met Seydametov obrazı, pu’tkil institut ja’ma’a’ti ha’m joqarg’ı basshılardı «Sizlerde ele intelegentsiya qa’liplespegen, payda bolg’an da joq!» - dep qorlag’an Viktor Efimov obrazı xarakter jaratıwdın’ en’ jaqsı u’lgisi bolıp tabıladı.

Povestte jazıwshı h’ayal-qızlar obrazın jaratıwda da bir qansha tabıslarg’a erisken. Ma’selen, turmıstın’ tu’rli qıyınshılıqlarında qaynap-pisken shıdamlı, kerek waqtında qaysar (ma’selen, awıllas qa’ynisi Omardın’ o’z esigin buzıp kiriw waqıyasınan keyin onı nekelemekshi bolg’an mollag’a balası O’temuratı oylap, «Nekemdi qara qumang’a qoyıp kete qoyın’», - dep tawıp aytqan aqılı arqalı) A’njim obrazı oqıwshının’ simpatiyasına ılayıq. Sonday-aq, onın’ xarakterindegi sadalıg’ı, balası O’temurat urısqa ketkeninde qızına jazdırg’an ırzalasıw xatında sa’wlelenedi: *«Keshe radiodan «Jawdın’ beti qayttı, bizin’ jawıngerler eldi jawdan tazalap atır», - degenin esitip, quwanıp kettik. A’sirese, ko’se qaynag’a ju’da’ ma’s bolıp qaldı. Bir adam bolsa da qosent bolg’an shıg’ar,*

*ol bala o'zi urısqaq edi g'o. Keterinde og'an ha'r kim tapqanın berdi. Kim balasına, kim ag'asına aparıp ber,- dep ayttı. Men de geshirin ko'p etip salıp, sag'an bes zag'ara berip jiberdim. Qasın'dag'ı urısıp ju'rgenlerge birewin berersen', biraq qalg'anın o'zin' je? Ju'werisin maydalap tarttım. Dım mazalı boldı. Urıstan qolı tiyse sennen xabar alatug'ın shıg'ar. «Baraman»,- dep ketti g'o.*

*Ol balanın' o'zi onsha azıq-tu'lik almadı.*

*- Oyaqta nan tabıladı, biraq, mınaw tabılmaydı, - dep na'm-na'ha'n bir shekiyneni toltırıp nasıbay a'ketti. Sag'an berip ju'rse atpa, qarası batsın».*[1]

Shıg'arma qah'armanı A'njimnin' obrazına tiyisli bul su'wretlewler arqalı avtor oqıwshıda ha'm ku'lkili sezimlerdi payda etedi, ha'm onın' baladay sadalıg'ına isharat etedi. Sonday-aq, avtor bunda bayanlaw usılının' epistolyar (xat) formasınan paydalanıw arqalı qaharmang'a bul waqıyalardın' ol ele bilmeytug'ın ta'repleri sıpatında keltiredi. Bizin'she, shıg'armada su'wretlengen Ra'wshan obrazı da haqıyqıy opalı yar, miyirman ana obrazı sıpatında ko'rinedi. O'temurattın' belgili ilimpaz da'rejesine jetisiwinde, onın' hayalı Ra'wshannın' xızmeti ayrıqsha u'lken. Biraq shıg'armada onın' tosınnan o'ltiriliw waqıyası oqıwshıda ayanısh sezimin oyatadı. Sonday-aq, onın' obrazı shıg'armada tolıq ashılmay qalg'an.

[1] Нызанов М. Ақырет уйқысы. Нөкис, «Қарақалпақстан», 2009. 67-бет.

## II bap. «Aqıret uyqısı» povestinin' kompozitsiyalıq o'zgeshelikleri

Ko'rkem shıg'armanın' syujeti ha'm kompozitsiyasın bir tu'sinip qarawg'a bolmaydı. Sebebi syujet ko'rkem shıg'armada qaharmanlardın' basınan keshirgen waqıyaları ha'm is-h'a'reketlerinin' su'wretleniwi bolsa, al kompozitsiya sol waqıyalardın' shıg'arma qurılısında qalay jaylastırılıwı bolıp tabıladı. Syujet epikalıq shıg'armalardın' o'zegi bolsa, kompozitsiya sol syujetti oqıwshıg'a tartımlı jetkerip beriwdin' bir usılı. Basqasha aytqanda, ol jazıwshı sheberligin ko'rsetetug'ın tiykarg'ı ko'rkemlik usıllardın' biri bolıp esaplanadı. Demek, a'debiyattanıw iliminde syujet penen kompozitsiyanı birdey tu'sinikler, - dep qarawg'a bolmaydı.

«Aqıret uyqısı» povestinde tiykarg'ı syujet bas qaharman O'temurat g'arrının' basınan o'tkergen toqsan jılg'a shamalas o'mirin eske tu'siriwleri ha'm ko'z aldına elesletiwlerine qurılg'an. Bunda qah'armannın' o'tken o'mirine baylanıslı eske tu'siriwleri h'a'm usıg'an baylanıslı ruwxiy tolg'anısları onın' o'mirinin' aqırındag'ı sanawlı ku'nlerinde ju'z bergen waqıyalar tiykarında ashıp beriledi. Shıg'arma waqıyasın bunday sanawlı ku'nlerge, yag'nıy qısqa pursatlarg'a qurıw usılı ko'rkem do'retiwshilikte ushırasadı. Ma'selen, bunday ko'rkem usıl ataqlı gruzin jazıwshısı Nodar Dumbadzenin' «Ma'n'gilik nızamı»[1] shıg'armasında qollanılg'an. Onda bas qaharmannın' (redaktor Bachananın') emlewxanada ju'rek keseli menen emlenip jatqan eki ay ishindegi waqıyalar su'wretlenedi. Qaraqalpaq a'debiyatında N.Dumbadzenin' usı shıg'armasına ideya-tematikalıq jaqtan da, a'sirese, kompozitsiyalıq o'zgesheligi menen de ju'da' uqsas do'retpe – bul jazıwshı K.Ma'mbetovtın' «Hu'jdan» romanı bolıp tabıladı. Bunda da barlıq waqıyalar bas personaj – professor Qasım Seytnazarovtın' emlewxanada emlenip jatqan bir neshe ku'n ishindegi basınan keshirgen

[1] Думбадзе Н. Мәңгилик нызамы. Нөкис, Қарақалпақстан, 1986.

waqıyaları su'wretlenedi. Sonday-aq, M.Nızanovtın' «Aqıret uyqısı» povesti menen belgili qaraqalpaq jazıwshısı Sh.Seyitovtın' «Shırashılar» romanının' ideya-tematikalıq ha'm ko'rkem formalıq ta'repleri ju'da' uqsas. Ma'selen, «Aqıret uyqısı» povestinde O'temurat g'arrının' toqsan jılg'a shamalas o'miri qaharmannın' bir neshshe sanawlı ku'nler ishindegi eske tu'siriwleri arqalı ashıp berilse, al «Shırashılar» romanında Esjan g'arrının' jetpis u'sh jıllıq o'miri bir aqshamlıq waqıyalarg'a sıyg'ızıp su'wretlengen. Bul eki shıg'armada da bas qah'armanlar o'zinin' o'tken ko'p jıllıq o'miri dawamında islegen islerine sın ko'zqaras penen qatnas jasaydı ha'm onnan ulıwmainsaniylıq a'hmiyetke iye bolg'an juwmaqlar shıg'aradı.

Qaraqalpaq a'debiyattanıwında a'debiyatshı K.Allambergenov «Ma'n'gilik nızamı» shıg'arması menen belgili qaraqalpaq jazıwshısı Sh.Seyitovtın' «Shırashılar» romanın usı ko'zqarastan salıstırıp tallaydı[1]. Al, a'debiyatshı P.Nurjanov gruzin jazıwshısının' atı atalg'an shıg'armasında qollanılg'an kompozitsiyalıq o'zgeshelikti belgili qırg'ız jazıwshısı Sh.Aytmatovtın' «A'sirge tatırlıq bir ku'n» romanı, qaraqalpaq jazıwshısı K.Ma'mbetovtın' «Hu'jdan» ha'm «Tu'rkstan» romanları menen salıstırıp izertleydi, bul shıg'armalardın' o'z-ara kompozitsiyalıq jaqınlıqların ashıwg'a ha'reket etedi[2].

Qaraqalpaq povestleri ha'm romanlarındag'ı bunday komopozitsiyalıq o'zgeshelikler tuwralı pikirler A.Sultanov, P.Nurjanov, Q.Yusupov, J.Qaniyazova ha'm tag'ı basqa a'debiyatshılardın' izertlewlerinde ushırasadı[3].

---

[1] Алламбергенов К. Ығбал жағысы (Ш.Сейитовтың прозасы ҳаққында) // Әмиўдәрья, 1989, № 1, 93 б.
[2] Нуржанов П. Ҳәзирги қарақалпақ романы поэтикасы (композициялық ҳәм жанрлық-стильлик өзгешеликлери). Нөкис, 2008. 11 б.
[3] Султанов А. Қарақалпақ прозасында "Ш.Айтматов мектеби" (Ш.Айтматов ҳәм қарақалпақ әдебияты мәселесине) // ӨзИАҚҚБ хабаршысы. – Нөкис, 2002. - № 3; Усы автор. Қарақалпақ прозасында Ш.Айтматовтың поэтикалық дәстүрлери. – Нөкис: Билим, 2007; Нуржанов П. Ҳәзирги қарақалпақ прозасында көркем психологизм мәселеси // ӨзИАҚҚБ хабаршысы. – Нөкис, 2002. - № 3.; Усы автор. Ҳәзирги қарақалпақ романы поэтикасы (композициялық ҳәм жанрлық-стильлик өзгешеликлери). – Нөкис: Билим, 2008; Юсупов Қ. Прозаның жаңаша қырлары // Еркин Қарақалпақстан газетасы. – Нөкис,

M.Nızanovtın' «Aqıret uyqısı» povestinde O'temurat g'arrının' sa'l kem bir a'sirlik o'miri onın' miyine qan quyılıp jatırg'an bir neshshe ku'nler, yag'nıy eki h'a'pteden aslam waqıt ishindegi eske tu'siriwleri ha'm usıg'an baylanıslı ku'shli ruwxıy tolg'anısların beriw arqalı su'wretlenedi. Shıg'armada bunday usıl arqalı o'lim halatında jatırg'an insannın' basınan o'tkergen pu'tkil o'miri, o'miri dawamında islegen unamlı ha'm unamsız isleri boyınsha o'z-o'zine bergen esabı, - degen juwmaqqa keliwge boladı. Bunday pikirlerdi akademik J.Bazarbaev o'zinin' «Aqıret uyqısı – hu'jdan esabatı» («Erkin Qaraqalpaqstan» gazetası, 2009-jıl, 15-sentyabr sanında) dep atalg'an maqalasında da keltirip o'tedi.

Povestte avtor barlıq obrazlardı, olardın' is-ha'reketlerin bas qah'arman O'temurattın' a'tirapına ja'mlegen. Shıg'armada onın' anası A'njimnin' de, og'an ko'p azap bergen qon'sısı Rambergen ko'se ha'm onın' balası Embergen qotırdın' da, ustazı Genjebay mug'allimnin' de, gruppalas dosları Ernazar h'a'm A'bsametlerdin' ha'm basqa da ko'plegen qaharmanlardın' obrazları usı O'temurattın' obrazı h'a'm is-ha'reketleri menen baylanıslı ashıladı.

Povestte jazıwshının' ko'rkem psixologiyalıq su'wretlewler menen birge, folklorlıq da'stu'rlerden paydalanıw sheberliginin' artqanlıg'ı ko'rinedi. Ma'selen, povest kompozitsiyasında avtor O'temurattın' student waqtında qaladan alısta jaylasqan awıllarg'a folklor praktikasına barıp, onda toplang'an ko'plegen materiallardı kirgiziw arqalı onı do'retken xalıqtın' ruwxıy du'nyasının' baylıg'ın ko'rsetip bermekshi bolg'an. Ma'selen, povest kompozitsiyasında ko'plegen xalıq naqıl-maqalların, xalıq qosıqların, an'ız-a'n'gimelerin, salt-da'stu'r jırların h.t.b. ushıratıwımızg'a boladı. Povestte jazıwshı teren' psixologiyalıq su'wretlewler menen birge, xalıq awızeki

---

2005. - № 112. 20-сентябрь; Қаниязова Ж. Ш.Сейитовтың «Шырашылар» романында характер жаратыў усыллары // ӨзИАҚҚБ хабаршысы. – Нөкис, 2007. - № 1.

do'retiwshiliginde ushırasatug'ın xalıq danalıg'ın, xalıqlıq yumordı, sonday-aq, milliy etnografiyalıq o'zgesheliklerdi sheberlik penen sa'wlelendirgen. Ma'selen, O'temurattın' u'ylengen toyında su'wretlengen betashar waqıyası xalıqlıq yumordı o'zinde teren' sin'dirgenligi, milliy u'rp-a'det da'stu'rlerimizdi ashıp bergenligi menen oqıwshının' dıqqatın tartadı. Bet asharda awıldın' taza mollasın betasharshı ku'lki menen basqılap, onın' unamsız is-ha'reketlerin ku'lki arqalı ashıp beredi:

Shiydin' tu'bin qayıg'an,
Esap penen bayıg'an,
Sarıbay molla qaynag'an',
Og'an berin' bir sa'lem![1]

Sonday-aq, shıg'arma personajları tilinen berilgen to'mendegi qatarlar bet ashar waqıyasına baylanıslı qızıqlı epizodlardın' biri bolıp tabıladı:

– Ko'shpe desen' ko'shedi,
Haram suwdan ishedi,
Ko'bey qazaq qaynag'an',
Jup sa'lem ber kelinshek.

– Tuwrama desen' tuwraydı,
U'yinin' ishi quwraydı,
Qarlıbay qalpaq qaynag'an',
Og'an berin' bir sa'lem[2], -

degen da'sme-da'ste betasharshının' emes, al shıg'arma personajları – qarapayım awıl adamları Qarlıbay menen Ko'beydin' til sheshenligin ko'riwge boladı. Sonday-aq, bunda qaharmanlardın' ha'zil-da'lkegi de orınlı, jarasadı.

[1] Нызанов М. Ақырет уйқысы. Нөкис, Қарақалпақстан, 2009, 73-б.
[2] Нызанов М. Ақырет уйқысы. Нөкис, Қарақалпақстан, 2009, 74-75 б.

Al, shıg'armada avtor shet elli qaraqalpaq kisisinin' (Tursınbaydın') balalıg'ında (tuwg'an elinde) u'lken a'japalarınan esitken xalıq qosıqların eske tu'siriwlerin keltiriw arqalı qaharmannın' watan sag'ınıshın sa'wlelendirip beredi:

Aqterek basında aynam qalıptı,
A'kemnen-sheshemnen kewlim qalıptı,
A'keme-shesheme du'nya mal kerek,
O'zime pa'kize sa'wer yar kerek!

yamasa:

Azan menen mal aydadım padag'a,
Da'ste-da'ste gu'l tasladım qalag'a,
Aytıp barın' Qalbay degen balag'a,
Atın taslap o'zi kelsin qalag'a[1].

Bul xalıq qosıqları shıg'armanın' ideyasın ashıwda kompozitsiyalıq xızmet atqaradı. Bunday orınlar povesttin' ko'rkemlik jaqtan tu'rleniwine ta'sirin tiygizedi. Solay etip, M.Nızanovtın' «Aqıret uyqısı» povestinde kompozitsiya qurıwda jazıwshı sheberliginin' aldıng'ı shıg'armalarına salıstırg'anda biraz artqanlıg'ın ko'riwge boladı. Bunı shıg'armada qollanılg'an psixologiyalıq ha'm yumor-satiralıq su'wretlewlerdin' sintezi (birigiwi) tolıq da'lilleydi.

[1] Нызанов М. Ақырет уйқысы. Нөкис, Қарақалпақстан, 2009, 169-б.

# JUWMAQLAW

Jazıwshı M.Nızanovtın' «Aqıret uyqısı» povesti syujetinin' tartımlılıg'ı, qah'armanlar obrazının' jetik islengenligi, a'sirese, qah'arman xarakterin onın' tu'rli ruwxıy jag'dayları arqalı ashıp beriwi menen g'a'rezsizlik da'wirindegi qaraqalpaq a'debiyatında elewli qubılıslardın' biri boldı.

Biz bul pitkeriw-qa'nigelik jumısımızda M.Nızanovtın' «Aqıret uyqısı» povestinin' syujeti ha'm kompozitsiyalıq o'zgesheliklerin u'yrendik ha'm usı arqalı to'mendegishe juwmaqlarg'a keldik:

1. M.Nızanovtın' «Aqıret uyqısı» povestinin' syujeti klassikalıq emes syujet u'lgisine jatadı. Sebebi onda su'wretlengen waqıyalar izbe-iz xronologiyalıq ta'rtipte emes, al waqıyanın' aqırınan, yag'nıy bas qaharman O'temurattın' g'arrılıq da'wirinen baslap su'wretlenedi.
2. Povestte tiykarg'ı syujet qah'armannın' eske tu'siriwleri ha'm ko'z aldına elesletiwleri tu'rinde beriledi. Shıg'armada O'temurat g'arrı o'zinin' basınan keshirgen toqsan jılg'a shamalas o'mirin aqıret uyqısında jatıp ko'z aldına elesletedi.
3. Shıg'armada barlıq waqıyalar ha'm obrazlar usı O'temurat g'arrının' a'tirapına ja'mlengen. Onda qaharmannın' o'mirinde iz qaldırg'an bir neshshe da'wir ko'rinisleri (urıstan aldıng'ı qıyınshılıqlarg'a tolı balalıq da'wiri, urıs da'wirindegi basınan keshirgen waqıyaları, urıstan keyingi ha'm ilimge bag'ıshlang'an 60 jıllıq o'miri) ken' su'wretlengeni menen olardın' barlıg'ı bir qaharmannın', yag'nıy O'temurattın' obrazın ashıwg'a qaratılg'an.
4. Sonlıqtan povestte su'wretlengen O'temurattın' kempir apaları Bazar ha'm Genjegu'ller, anası A'njim, qon'sıları Rambergen ko'se ha'm Embergen qotırlar, onı balalıg'ında emlegen Bekniyaz doktor, awıllası

Ma'mbetka'rim molla, gruppalas dosları A'bsamet h'a'm Ernazarlar, ustazı Genjebay mug'allim, institut direktorı Nazar Turdıshev, shet elli qaraqalpaq kisisi Tursınbay, hayalı Ra'wshan h.t. basqalardın' obrazları usı qaharmannın' pu'tkil o'miri dawamında basınan keshirgen waqıyaları ha'm islegen is-ha'reketleri menen baylanıslı ashıp beriledi.

5. Povesttin' tiykarg'ı kompozitsiyalıq o'zgesheliklerinin' biri – onda waqıyalardın' qaharman o'mirindegi bir neshshe sanawlı ku'nlerge qurılıwı bolıp tabıladı. Povestte O'temurat g'arrı en' son'g'ı aqıret uyqısında jatıp o'tken o'mirin eske tu'siredi. Avtor shıg'armada bul kompozitsiyalıq usıldı ulıwmainsaniylıq (gumanistlik) ideyalardı beriw ushın qollanadı.
6. Shıg'arma kompozitsiyasında avtor psixologiyalıq su'wretlewler menen birge, xalıq awızeki do'retiwshiliginin' u'lgilerin sheber paydalanadı. Bul jag'day jazıwshının' ko'rkem do'retiwshilikte ha'r qıylı su'wretlew usıllarınan paydalanıw sheberliginin' artqanlıg'ın ko'rsetedi.

Ulıwma alg'anda, shıg'armadag'ı ko'zi uyqıda, qa'lbi oyaw insannın' «tınıshsız ruwx tolg'anısları» oqıwshını teren' oyg'a saladı. Povestte su'wretlengen waqıyalar ha'm obrazlar oqıwshıda teren' estetikalıq sezimlerdi payda etedi ha'm unamlı ta'sir qaldıradı.

PAYDALANILG’AN A’DEBİYaTLAR


1. Каримов И.А. Юксак маънавият – енгилмас куч. – Тошкент: Маънавият, 2008.
2. Алламбергенов К. ығбал жағысы (Ш.Сейитовтың прозасы ҳаққында) // Әмиўдәрья, 1989, № 1.
3. Ахметов С., Есенов Ж., Жәримбетов Қ. Әдебияттаныў атамларының орысша-қарақалпақша түсиндирме сөзлиги. Нөкис, Билим, 1994.
4. Базарбаев Ж. Ақырет уйқысы – ҳүждан есабаты. «Еркин Қарақалпақстан» газетасы, 2009, 15-сентябрь.
5. Бобоев Т. Адабиётшунослик асослари. Тошкент, Ўзбекистон, 2002.
6. Горький М. Адабиёт ҳақида. Тошкент, Ўзадабийнашр, 1962.
7. Думбадзе Н. Мәңгилик нызамы. Нөкис, Қарақалпақстан, 1986.
8. Есенов Ж. Шеберликтиң сырлары (ҳәзирги қарақлапақ повестьлеринде көркем психологизм). Нөкис, Қарақалпақстан, 1986.
9. Есенов Ж. Танылған тулғалар. Нөкис, Қарақалпақстан, 2001.
10. Жәримбетов Қ. Әдебият теориясы пәнинен лекция текстлери. Нөкис, ҚМУ, 2007.
11. Камалов Қ. Қарақалпақ повести (жанрдың эволюциясы). Нөкис, Қарақалпақстан, 1978.

12. Қаниязова Ж. Ш.Сейитовтың «Шырашылар» романында характер жаратыў усыллары // ӨзИАҚҚБ хабаршысы. – Нөкис, 2007. - № 1.
13. Мәмбетов К. Әдебият теориясы. Нөкис, Билим, 1995.
14. Нызанов М. Жат журттағы жети күн. Нөкис, Қарақалпақстан, 1995.
15. Нызанов М. Шығармаларының толық жыйнағы. I том. Нөкис, Қарақалпақстан, 2008.
16. Нызанов М. Шығармларының толық жыйнағы. II том. Нөкис, Қарақалпақстан, 2009.
17. Нызанов М. Ақшагүл. Нөкис, Қарақалпақстан, 2004.
18. Нызанов М. Ақырет уйқысы. Нөкис, Қарақалпақстан, 2009.
19. Нуржанов П. Ҳәзирги қарақалпақ прозасында көркем психологизм мәселеси // ӨзИАҚҚБ хабаршысы. – Нөкис, 2002. - № 3.
20. Нуржанов П. Ғәрезсизлик дәўириндеги қарақалпақ прозасы. XX әсир қарақалпақ әдебияты пәни бойынша қосымша оқыў қолланбасы. – Нөкис: Билим, 2003.
21. Нуржанов П. Ҳәзирги қарақалпақ романы поэтикасы (композициялық ҳәм жанрлық-стильлик өзгешеликлери). – Нөкис: Билим, 2008; Ҳәзирги қарақалпақ романы (сюжет ҳәм конфликт поэтикасы). – Нөкис: Билим, 2009.
22. Нурмухамедов М. Шығармаларының еки томлығы. II том.– Нөкис, Қарақалпақстан, 1985.

23. Умуров Ҳ. Адабиётшунослик назарияси. Тошкент, 2002.
24. Худайбердиев Э. Адабиётшунosликка кириш. Тошкент, Иқтисод-молия, 2007.
25. Сағыйдуллаева Ж. «Ақырет уйқысы»ндағы кеўил толғаныслары. «Еркин Қарақалпақстан» газетасы, 2009, № 61, 21-май.
26. Султанов А. Қарақалпақ прозасында "Ш.Айтматов мектеби" (Ш.Айтматов ҳәм қарақалпақ әдебияты мәселесине) // ӨзИАҚҚБ хабаршысы. – Нөкис, 2002. - № 3.
27. Султанов А. Қарақалпақ прозасында Ш.Айтматовтың поэтикалық дәстүрлери. – Нөкис: Билим, 2007.
28. Юсупов Қ. Прозаның жаңаша қырлары // Еркин Қарақалпақстан газетасы. – Нөкис, 2005. - № 112. 20-сентябрь.